



Ou kapab ede evite
**kansè
kolorektal.**

You can help prevent colorectal cancer – Haitian Creole

Si ou gen laj 45 ane oswa plis, ou ta dwe kòmanse fè tès depistaj pou kansè kolorektal.

kansè kolorektal se youn nan kòz prensipal lanmò akòz kansè sou gason ak fanm, epoutan ou kapab evite li si doktè dekouvri li sou ou nan premye etap la, lè li piti ak lè li ka fasil pou trete, avèk tès depistaj regilye.

Li pa dwe chè pou evite kansè kolorektal oswa pou jwenn li bonè. Gen tès ki senp ak bon-mache ou kapab fè lakay ou. Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou konsènan kilès ladan yo ki ta ka bon chwa pou ou. swen sante ou sou ki medikaman ki ta ka bon pou ou. Kèlkeswa tès ou chwazi, sa ki pi enpòtan an se fè tès la.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kansè kolorektal, ale sou sitwèb Sosyete Ameriken pou Kansè (American Cancer Society) nan **cancer.org** oswa rele nou nan nimewo **1-800-227-2345**.
Nou la lè ou bezwen nou.